



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
ANPLWAYE PAK ETA NEW YORK AARON J. PETERS**

Drapo yo ap flote a demi ma nan 24 janvyè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding Eta a yo pral flote a demi ma nan 24 janvyè, depi solèy leve jiska solèy kouche, pou onore anplwaye Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation, OPRHP) la Aaron J. Peters. Aaron Peters, yon manm ekip siyè rejyonal la, te blese mòtèlman 17 janvyè pandan li te enplike nan retire pyebwa nan Pak Eta Golden Hill nan Konte Niagara.

"Lanmò trajik Aaron Peters fè nou sonje ke anplwaye Eta New York yo souvan mete tèt yo an danje pandan y ap travay pou amelyore sekirite sitwayen parèy yo ak kòlèg yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Zanmi li yo ak fanmi li pap bliye l, epi kè m ale jwenn tout pwòch li yo."

Aaron te travay nan Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la pandan twazan, epi li te sèvi nan ekip aksè kòd rejyonal ak ekip siyè a. Li te gen lyen familyal pwofon ak sistèm pak eta a. Li te pitit Direktè Jeneral Adjwen Rejyon Niagara ki te fèk pran retrèt ki se Ron Peters ak Jennifer Ray, ki te fèk kite biwo biznis rejyonal la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)